COSAANU NDAKAARO AK XARE DAMMEEL AK LEBU YI

Leegi ñu ngey waxtaan ci li ma samay maam waxoon ci dëmbëy Ndakaaro.

Fii ñuy wax Dakaaro leegi, bu jëkkoon, àll bu lëndëm këruus la woon. Li ko dale xan-xur ba Bañul, Ñaayi-doob la tuddoon ndax ay doob yu bare ñoo fi nekkoon. Booba benn-bennëy nit ñi fi dëkk, ñu ngi dëkkoon xan ; ñu ngi tuddoon "Waa Beeñ". Waa Beeñ ñoonu nekk nañu fa lu mat ñaari téeméeri at.

Ba nga xamee ne nag, ki ñoo wax Saamb - Saamb te nekkoon Mbaaw dafa dee, ay mbokkam di xëccoo ndono, ñii naan nii lañu koy def, nii naan nële lañu koy def, ba mu nar indi aw ay, ku ñoo wax Sën Saamb, doomu Saamb-Saamb boobu, am lu ko feeñu benn guddi, ne ko : Sën !

Mu ne ko : aan !

Mu ne ko : Sa mbokk yi la xëccoo ndono, mënoo dem dëkki Ñaayi-doob ?

Sën ne ko : Naka laay dëkke Ñaayi-doob di wutsi ndox Mbaaw ?

Mu ne ko : demal dëkki Ñaayi-doob rekk. Soo joowe sa gaal, soo demee ba tefesu Ñaayi-doob, fa ngeen daan noppaloo, boo fa taxawee, soo wolisée, dinga gis naaxu pice bu naaw. Pice yooyu, fa ñu naawe soo fa demee, dinga fa gis ndox mu neex.

Bët set, mu jël xalaatam boobu and ak rakkam bu ñoo wax Abu Saamb, ñu joow seen gaal, ñow ba ci tefes gi, ni ko ko jinne ji waxewoon, naaxu pice daldi ñow. Mu daldi ne : aa ! rakk ji ne ko : lan la ? Mu ne ko : "xaaral", daldi dem fa pice ya naawewoon, gis fa teen. Mu ne rakk ji mu indil ko wallax wi. Rakk ji indil ko ko. Mu tang ci ndox mi, mos ko, muy ndox mu nex. Mu ne ée ! lii dey mbir la ; teen bu jegee nii géej.

Rakk ji laaj ko lu xew ? Mu ne ko fii lañuy dëkksi.

Mu ne dëkksi fii ! ndax lan ?

Mu ne ko : li ma doon xalaat, ndox rekk la, te ndox mu neex a ngi.

Rakk ji ne ko : waaw danga ragal say mbokk ? Naka lanuy def waa Mbaaw.

Sën ne ko : déedéet, dafa am lu ma ko xamal, te li ma ko xamal jinné la, te mu ma wax gis naa lépp. Ndoon nag fokk ma def li mu ma wax.

Noonu mu daldi walbatiku, ñu dem. Sa suba sa, rakkam yi mu bokkal ndey mu ne leen nañu dem. Ñu dem Ñaari-doob yobbuwaale seeni gorukaay, ay jaasi ak i semmiñ daldi tambali di gor doob yi. Suba su ne ñu dem ba mu mot lu wara tollu weer. Kenn waxatul nag waxi ndono li.

Nit ñi naan waa néeg bii déy, bu ñu xëyee dem géej, waaye ñoom kenn xamul fu ñoo dem. Ñeneen ñi naan bu ñu demee géej it duñu indi dara.

Ñoom ñuy gor, di gor, ba gor lu yaatu. Nu daldi dajale, taal ba li ñu goroon lépp tàkk ; mu nekk fandañ. Ñu daldi dellu Mbaaw wut seen rang ak am xadd, ñow defar seeni néeg ; lu tollook fukki néeg rekk. Ñu daldi xéy benn bés rekk and ak seen yaay ñow dëkksi.

Nit ñi naan : ñoom dey dem nañu ; Sën dey dem na ak doomi ndeyam.

Sën Saamb moomu moo jëkk dëkké fii ñuy wax Dakaaro leegi. Ba leen waa Beeñ séené nag né : "Nu ngi née, ne ngaraam ci Ñaayi-Dopp". Loolu moo indi turu Ngaraaf Dopp, di néeg bi jëkk fii Sën nekk fi ak jabootam. Ñenn jigéen bu tuddoon Sellamba Saamb dëkkoon Yoof, ba jëkkëram dee nag, mu now dëkksi ak cammonam, mu sampal ko néeg ci kow tund wi.

Sën moo jur Seeb Saamb mi jur Biraago mi nga xam ne ñepp xamoon nañu ko ; moo tax ñu naan "xaleey mbiraago yi". Li taxoon mu siiw nag moo di li mu digaalewoon ak jinne yi. Firndéey loolu nag boo xeetee istuwaaru ndajeem ak Amari Ngooné Sobel dàmmeelu Kajoor dinga ko ci gis.

Ba ngeen xamee ni Amari Ngooné Sobel nee na day ganesi Lébu yi ngir nax leen ba moom leen, ndax booba Lébu yi rekk ñoo amoon ay tiir ak sëng, te kenn mënulwoon am nguur te amoo ak naar.

Ay dagam ne ko mu jéem moom Lébu yi, nangu seen sëng. Ñu di ko jay ne ko : "Yaay Dàmmeel di Teeñ, moom Kajoor ak Bawol fokk nga boole ci Lébu yi".

Amari Ngoone jayu nag, daldi ni mu ngi jëmsi ci Lébu yi. Waaye ba mu yogge ci buntu tan bi, ci Céddéem, dañu ko tëye ci Waxal. Waxal bag, li tax mu tuddoon noonu, kilifa dëkk ba dafa joxewoon ndigal ne balaa fa benn doxandeem joge na wax li muy dox. Kilifa googu nag Daaw Kumba Saar la tuddoon, waaye dafa maggatoon ba ñu tudde ko Maam Yàgge Saar.

Ba nga xamee ni Amari Ngooné Sobel agsi na Cëddéem nag Maam Yagge Saar teye ko ci waxal ne ko nag keen du fa joge dugg ci réew mi te du waa réem mi, dinañu ko yég ba ànd ci nga duggsi.

Géwal ba andoon ak Dàmmeel bi ne ko : "Soo xamoon kii ngay waxal kan la déy doo wax li nga wax. Kii mooy Dàmmeelu Kajoor, Boroom Jolof. Dafa leen di ganesi. Mu ngi ànd ak téeméeri junniy jàmbaar. Xamoo kii !"

Maam Yagge Saar ne ko : noppil ! aw lekk-sab rekk nga te nun dunu wax ak lekk-sab. Kii ne moo di ganesi du mu ngi taxaw. Na waxal boppam. Mu daldi walbatiku ci Dàmmeel bi ne ko : Ee yow, ñaata laa àndal ?

Mu ni ko ànd naak téeméeri junneey jàmbaar.

Mu ne ko : "Amari Ngoone Sabel, sa lekk-sab wii yaq na sa ngam ndax ànd ak téeméeri junneey jàmbaar, baa la ganeji daxaa faa xam kenn waaw yow sax koo fi xam ?"

Mu ne ko : xawma fi ken.

Mu ne ko : ka la ganeji faa xamul kenn, daxaa kaa yëgle. Leegi nag fokk ma yëgal waa réew mi yépp ne ñoow nga, ba ñu ne u dugg, mbaa ñu ne doo dugg.

Mu ne ko : waaw koon nan laay def ?

Mu ne ko : xoolal xur waa.

Mu xool gis ay junniy junniy nag.

Mu ne ko gis naal ba baax ? Laa daan añe ak laa daan reere ?

Mu ne ko : daan naa añe fanweeri nag, reere fanweer ; Ndékki nag desitu reer la.

Mu ne ko : waaye xamoo ne gaaag lébu du ndékkee pann. Dinama la jox bëccëg ba nekk téeméeri nag ba keroog dëkk bi yépp yég ne ñow nall. Ba ña ne u dugg, u dugg, ba ña ne doo dugg nag, u dellu faa u jogewoon.

Mu ne ko : waaye loolu dina metti ci man.

Mu ne ko : loogu la maa def.

Mu daldi tàllal loxoom, géej gi daldi joge Yeen ñow fees foofu yépp. Dàmmeel bi gis loolu daldi dellu gannaaw.

Goor gi ne ko : dinaal def lu ma la wax mbaa u dellu fiw jogewoon.

Mu ne ko : loolu yépp duñu si àgg, dinaa xaar.

Mu ne gisnaal sàg yee ?

Mu ne ko waaw.

Mu ne ko : ñu ngi fees ak cere, nag yaa ngoogu. Xaraal fii.

Mu ne ko : koon nag ma xaar fii. Mu daldi wàcc fasam yeew ko ci guy gu ne foofu.

Goorgi Ŷaag Saar nag daldi yonnee ay ndaw ñu yëgleji ne Dàmmeel bi ñow na ba seen maam yaag Saar tëye ko waxal. Ñu topp dëkki ya géej yépp ba agse kër Biraago wax ko li leen indi. Biraago ne leen : wax ngeen dëgg. Kooku daal jinné yi at yii yépp ay waxam lañu may wax. Neeleen seen Maam mu bàyyi ko mu ñow, kooku maa koy daloo. Mu ne doomam na ànd ak ñoom jëli gan gi.

Ba doom ji àggee wax li ko baayaam wax, Goorgi Yaag Saar ne ko : Sa baay rekk la ma woolu ci daloo gan gii. Gannaaw nemx na ko nag, dinaa ko bàyyi mu duggsi ci réew mi. Noonu mu daldi dem ci Amari Ngooné Sabel ne ko mu takk fasam te ànd ak ki nga xam ne baayam moo ko daloo. Bi ñu laata ñow nag, Biraago nee na soor bu nekk ñanu ca def feekki tax ngir teeru Dàmmeel. Bi Dàmmeel agsee nag Biraago teeru ko ca Ñaayi-Soor, ne ko : waaw Goor gu baax foo joge.

Géwél bi daldi tontu ne ko : aa, Goor gi am nga gan gu mat gan.

Mu ni ko : ganu lan ? gan de jàmm a ko jig. Waaw gan gi fu mu joge ?

Géwél bi neeti ko : xamuloo kii ?

Mu ne ko : déedéet, tey la ma ko mosa gis.

Mu ne ko : koon nag, Amari Ngoone Sobel a ngi nii, mooy Dàmmeel di Ţeeñ. Lébu gi rekk a ko desewoon, te agsi na ànd ak téeméeri junniy jàmbaar. Koon nag am ngeen gan gu mat gan.

Mu ne ko : man duma waxtaan ak lekk-sab. Aw nag Amari Ngoone Sobel aa ñakk full ! Sa lekk-sab gii ne a ngi ànd ak téeméeri junney jàmbaar, waaw fa seenfak njambaar nekkoon ba leen kenn nit rekk téyé ca waxal ? Waaye wax ma sax li u daan añe ak li u daan reere balaa u la wàcc saw fas.

Mu ne ko : Goor gi daan na añe fanweeri nag, reere fanweer, ndékkée désitu reer ba.

Mu ne ko : waaye xamuleen ne ganug lébu du ndékkee pann ; dinama la jox téeméeri nag bëccëg ba nekk. Gisnal ñetti sàq yaa, dañu ne muut ak cere, mën naal di ci sàkk.

Mu ne ko : waaw danga xam ñaata fan la fiy toog ?

Biraago ne ko : ndoom ma xam li ma mën.

Mu ne ko : koon loo mën ?

Mu ne ko : Mën naa laa ganale ba bés bi dellusi déwéen.

Mu ne ko : koon nag yow rekk a ma mën ganale.

Biraago ne ko : yeewal fii saw faq ci Guy Mbul.

Ba ñu reye nag yi ba lekk ba noppi, mu ne leen : tax yaa ngi nii, ka naan ba màndi rekk wékk ko fi u ka fekkoon.

Noonu lañu ko jàppoo ba lu mat weer ak fukki fan ak juroom. Benn bés nag lébu yépp dem tool ni ñu ko daan defe.

Amari Ngoone ne : waaw ana nit ñi ?

Géwél bi ne ko : newoon naa la ay baadoolo nga digaalel. Doo fi gis kenn tey, ñépp dem nañu tool.

Amari Ngoone ne ana Goorgi Biraago ?

Jabaru Goorgi ne ko : dem na tool.

Mu ne : yonneel leen ma ca moom.

Jabar ji ne ko : matu ko, seen nagi tey yi wañn ~~leen~~ leen ba noppi, te sàq yi am nañu cere ba tey.

Mu ne : dàgg ji laa soxlaatul a gis, nañu ko taal. Boo demee neel sa jëkkër, seen tatta gii, Lingéer dina ko def wos.

Jigéen ña fa newoon ne ko : "Ba ka Lingéer defee wos itam du si teg sujeer, waaye sa nàngam-taanu ndey Sobel la see teg".

Mu ne : laahilaaha illa Alaah ! Nañu tall dàgg ji leegi !

Ñu daldi taal dàgg ji. Ña nekkoon ca tool ya daldi séen tàkk-tàkk li, daldi dawsi.

Mu ne Kajoor soqileen. Ñoom ñepp ñu soqi ba seen puutar jeex.

Biraago daldisex nguliir bi mu daan wékkoo, looloo doonoon seen njiin, ñepp daldi dawsi ci kër gu mag gi ndax booba Biraago am na juroomi kër. Benn bi Sélemba Saamb moo ci dëkkoon, mu ngi tuddoon "Xog" ; bi ci des doomam Bëkk Saamb fi mu meyoon benn goor gu tuddoon Ñakkaan, doon jabarkat bu daan jaay ay téere ak ay reen, moo ci dëkkoon ; boobu "Mbott la tuddoon". Ñaari tur yooyu nag, li ko indiwoon mooy, doomu Sélemba dafa doon xuloo ak doomu Bëkk, ku ci nekk bëgg xas sa moroom. Doomu Bëkk né doomu Sélemba : "aw ak sa ndey yeen a nga dëkk ne nonn niy xogg ci kaw tund wa".

Kooku ne : waaw waaye aw ak sa yaay yeen a ngi dëkk fa ñu daan duule, ca bot ga.

Kër gu mag gi nag ñu ne nañu ko xaaj ñaari kër ndax gune yi am fu ñu fowe te duñu lëjal mag ñi. Bu ñu fowe ba guddi nag ñu ne nañu tëddi ; bu ko defee nag, ñu dëkk ci kër gu ndaw gi sës ci teen bi. Bu Seen moroom yi xéyée ne leen nañu rooti, ñu ne leen ñun nu root ba noppi. Bu ko defee ñooñu ne : "waaw, naka pexe, daxeen jekkoo teen bi".

Ñu daldi jël kër gu ndaw gi tuddé ko "Jekkoo".

Jurooméelu kër gi nag mu ngi tuddoon Kanki. Foofa ku Biraago mosa faj ciy xàmbam ba nga wér soo ragalee ñibbi seen waa-ker

delloo la ci li nga daan def bi nga feebare, fa ngay dëkk.

Ba Biraago sexee nguliir ba nag, ñepp, goor ak jigéen, mag ak ndaw daldi dawsi Ngaraaf - doob. Mu ne leen : Gis ngeen gan ñi nii ñu nu feye ; lu ngeen ci xam ?

Ñu ne ko : nun kay xamuñu ci dara ludul loo wax.

Noonu mu daldi leen joxoñ ben néeg ; ñu dem fekk ko mu fees ak ay cawali. Mu ne leen na ku si nekk fab ñaar ñu solu xeexiji ak ñi taal seen dàgga. Noonu mu sàkk dugub ci sàq mu rëy mi nekkoon ci diggu ëtt bi daldi ko séddale ci ñetti layyu. Mu daldi génné ci mbubbam ñetti sëkki céeb teg benn ci layyu bu ne ; Ba lépp noppee nag, Biraago ne leen : leegi nag, woyleen, woyu xare.

Ñu daldi door :

"Yaayi jàmbaar  
Maas-sa yaayi jàmbaar  
(Ñii ne) : La xewee ?  
(Ñu neeti) Yaayi jàmbaar  
Ba njiin ma jibée  
Njolloora yaay  
Xol ba dala fuur".

Dañu la ko amaloon baat boo xam ne waa xan sax dañu leen doon dégg. Waa Beeñ yi dégg leen ne lu wara xew Ngaraaf-Doob ? Woy wi ñuy dégg déy du woyu teertuk gan.

Ñale nag di now rekk. Ba leen géwéli Amari Ngoone Sobel séenée nag, yooxoo ne : Amari Ngoone Sobel musiba am na ! Ñale ñuy séen, déy, Lébu yi ñu yaakaaroon ne kena newu fi la te woyu xare lanuy woy. Noonu Amari Ngoone ne ñi mu àndaloon ñu sogi ; ñooñu ne ko seen puudër jeex na, mu daldi leen séddale li mu deñcaloon boppam. Ñu daldi sogi ba kenn gisatul sa kanam.

Ba saxaar sa naawe nag ñu gis Lébu yi ànd ak Biraago ne cocc. Biraago daldi ne Jabaram mu bees dugub ji. Nakk la ko bees rekk, dugub ji fekki waa kër Amari Ngooné Sobel, lu ëpp genn-wàllu nitam yépp daldi dee ci saa si. Ñi ci des nag bëgg daw né Dàmmeel tekkil saw fas.

Mu ne leen : lu-tax ?

Ñu ne ko : ba ñu jogee waxal, romb Jandeer, waa Jandeer ñu ngi doon xalaat lu xew fii ci Mbul. Dangay toppam ndox ba foofu ?

Mu ne leen : koon nag, tey laay topp am ndox ba foofa def leen lu ñuy soow.

Noonu mu takk fasam daldi koy dàq. Waaye booba nawet la, xuru Xan fees, mënuñu koo jàll. Bi leen Lébu yi séenée ñuy daw nag ñu yooxu : "Ñu ngee daw ! Dinañu rëcc". Biraago ne leen : "duñu rëcc ; dangeen fàtte Xan-Xur ? mën ngeen ñaa dab. Ñi ci des ab noqante rekk leen di jeexal."

Ña ca des nag bëgg jàll ndox mi, dàq seeni fas ci biir. Lébu yi yooxu : dinañu rëcc, ñu ngee di boddante.

Benn lébu bu tudd Njarta Ndumbé Ndooy, mu ngi amewoon benn téere bu ko yaayam joxoon ; mu génne ko, xotti ko, génne per bi woon ci biir ne ko : "ma yaaw newoon na ma, ba ma amee lal ma nagari, ba ma la ko waxee dinaa ko faj ; leegi nag dama bëgg u dem daggal ma boppu kii taal ña dàgg gi noppi bëgg rëcc". Mu daldi sogi fétalam. Similaak-saala rekk géwél ya yooxu ne : Amari Ngooné Sobel ñey wa jooru na !

Lébu yi gëmuñu leen ndax ab Ajoor lu mu la wax day fen ; bala ñu koo gëm gis bopp bi. Ñu daldi daw toppi leen ba gis bopp bi. Ñu daldi tuddé foofa "Bopp".

Biraago ne leen gannaaw ki waral li ñu nu def dee na, nañu ñibbi, ñi ci des waa dëkk bi dinañu leen jekkali. Ñu daldi wàlbatiku ñibbi, ba ñu yeggee nag Biraago dem ciy xàmbaam rekk, tuur yi mere ko ndax nit ñu bare ñi dee. Ñu daldi ko ne ku reyati nit rekk, dinga dee balaa at mee jeex. Biraago yonnee ay ndaw ñu artuji waa dëkk bi ndax li tuur yi wax. Ñooñu topp tefes gi, dëkkoo-dëkk ñu dem fa. Fekk na booba jàpp nañu ñii doon daw ne dañu leen di tëye ba Biraago ñow ba ñu xam lu mu wax. Waaye nag am na ñu ci yeggoon Mbaaw ba ay xaleel yu goor jàpp leen, rey leen, sànni leen ci dex gi nekkoon foofu ; te fekk na mag ñi terewoon nañu leen. Waaye ñooñu ñu ngi dee keroog ba ñu toogee di nettali seen jalloore. Ña ca des nag ñu téye leen Bayax, daldi yonnee ci Biraago, mu ne leen bés sàngam dinaa ñow.

Ba ñu ne ëllëg lay ñow, mu am lébu bu ñow ne : li woor mooy bu Maam Biraago ñowee dina wax ñu buyyi leen waaye ku ñibbi te yobbawul ay nopp du mën wax nit lu tax mu fiy ñow di fi sàkk dara. Nanu dagg seeni nopp diw ci tabanaani, du leen tax dee. Ñi ci des ne ko : waaw kay yaa rafet xalaat. Ñu daldi def li mu wax.

Ba Biraago ñowee nag fekk ñu wat leen, dagg seeni nopp. Ñuy booleji ci moom. Mu ne leen : li ñu leen def tuuti na ci yàq bi ngeen ñu yàqal ; leegi nag mën ngeen ñibbi. Kenne ci ñoom ne ko : maa ngi nii ak sama néegub ndey ; mu di meenum Amari Ngooné Sobel, koon mënu maa gën gore. Gannaaw des na fii, dama bëgg ngeen rey ñu fii.

Biraago ne ko : duñu reykat i nit, waaye ku ñu tooñ rekk am na ku ñoo feyyul. Gannaaw bëgguleen a ñibbi dëkk-leen fii.

Kookoo ngi tuddoon Yaxam Ngoy ; mu daldi dëkke ak néegu ndeyam, foofu ñu naan kër Yaxam.

Gillaay Coxom, uudé Amari Ngooné Sobel ne moom itam : "man maa doon uudéem te takkal na ma téeméeri jabar ak been, te des na fa Kanki, mënuma dellu te it awma ay nopp". Biraago fàkkal ko mu dëkke, mu tudde foofu : kër Gillaay.

Mu daldi walbëtiku ci mbooloo mi desoon laaj leen kuy seen kilifa, ñu joxooñ ko. Mu ne leen koon nag, dëkk-leen fii. Ñu tudde foofu : "Mbugal".

Noonu Biraago ñibbi daldi ne nanu mbanaar niiw yi. Ñu def li mu wax ba noppi tudde fa ñu lee parkaal : "Parka".

Noonu la lébu yi jëkk dëkk fii Ndakaaro nekk leegi, daane Amari Ngooné Sobel.

Turu Ndakaaro nag mu ngi foge ci "daqaar". Ndax ba Tubaab yi jëkkee ñow nu ngi fekk Biraago ak goori dëkk bi toog ci taatu genn daqaar. Tubaab yi di laajte fii ñu wàcce fan la, wante déggoowuñu ak ñi ñu doon waxal. Mu indi félxo ak réeroo. Mu am ku yaakaar ne xam na li ñuy laajte, mu ne : "dañuy laajëé nu garab gi tudd". Ñu ne lii ag daqaar la. Noonu Tubaab yi bind "Dakar" yaakaar ne noonu la dëkk bi tudd.